Pou Piblikasyon Imedya: 05/07/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE AJANS ETA YO POU YO PREPARE POU GWO LAPLI EPI LI ANKOURAJE NOUYÒKÈ YO POU YO PRAN PREKOSYON AKÒZ POSIBILITE POU GEN INONDASYON RAPID

Yo prevwa gwo lapli pou Long Island, Mid-Hudson, Vil Nouyòk ak Southern Tier, epi kounye a gen avètisman kont inondasyon ki an plas

Risk pou inondasyon rapid ogmante rive modere ak 70 pousan chans pou gen inondasyon rapid; ekip sekou nan dlo yo pral deplwaye nan Mid-Hudson pita jodi a

Yo prevwa lapli toupatou ant de ak kat pous lapli total nan sid eta a jiska lendi swa; total lapli jiska senk pous posib kèk kote

To lapli ka tonbe ant youn ak de pous pa èdtan, petèt jiska twa pous pa èdtan nan kèk zòn

Mid-Hudson ak Long Island kontinye rekipere apre gwo tanpèt loraj yèswa; gen plis pase 82,000 blakawout nan tout eta a akòz tanpèt yo

Nouyòkè yo ka voye tèks bay Konte oswa Awondisman yo a nan 333111 pou resevwa tèks alèt ijans ak meteyo an tan reyèl dirèkteman sou telefòn yo

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te mande ajans eta yo pou prepare yo pou gwo lapli e li te ankouraje Nouyòkè yo pou yo pran prekosyon akòz posibilite pou gen inondasyon. Apati apremidi a, lapli pral tonbe nan tout Eta Nouyòk jiska madi maten. Kantite lapli total de a kat pous, ak total lapli jiska senk pous kèk kote, posib pou Vil Nouyòk, kèk pòsyon nan Long Island, Mid-Hudson ak Southern Tier. Gwo lapli ki rive jiska youn a de pous pa èdtan ka lakòz inondasyon rapid, sitou nan zòn iben ak zòn ki gen move drenaj epi si gwo lapli frape yon zòn plizyè fwa. Gen kèk kote to lapli k ap tonbe ka depase twa pous pa èdtan. Risk pou inondasyon rapid ogmante rive modere ak 70 pousan chans pou gen inondasyon rapid. Genyen tou yon risk pou gwo loraj jodi a pou Vil Nouyòk ak kèk pati nan Long Island ak Mid-Hudson. Avètisman kont inondasyon yo an vigè kounye a pou Long Island, Mid-Hudson ak Vil Nouyòk.

"M ap ankouraje tout moun Nouyòk pou rete vijilan, rete enfòme, epi pran prekosyon pandan n ap tann gwo lapli ki ka lakoz inondasyon toudenkou", **Gouvènè Hochul te**

deklare. "Ajans leta yo te deja pare epi mobilize pou reponn pou asire sekirite tout Nouyòkè ki sou wout tanpèt la."

Mid-Hudson ak Long Island ap rekipere kounye a apre yon seri gwo loraj ki te pase ta yè swa ki te lakòz pyebwa tonbe ak pèt kouran. Kounye a gen plis pase 82,000 blakawout atravè eta a, ak pik blakawout yo ki te rive nan 115,000 yè swa. Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a ap travay avèk konpayi sèvis piblik yo pou netwaye pyebwa ak debri pou asire travayè sèvis piblik yo gen aksè an sekirite pou yo ka kòmanse travay restorasyon an. Gen kèk fèmti wout ki toujou an vigè akòz travay eliminasyon debri ak travay sèvis piblik — Yo ankouraje Nouyòkè yo pou yo swiv tout konsèy lokal sou fèmti yo.

Nou ankouraje rezidan yo swiv previzyon lokal, alèt meteyo ak avètisman yo. Pou kapab jwenn yon lis konplè alèt yo, vizite sit entènèt Sèvis Meteyowolojik Nasyonal (National Weather Service) la nan alerts.weather.gov.

Nouyòkè yo dwe asire ke alèt ijans gouvènman an aktive sou telefòn mobil yo. Nouyòkè yo ka enskri tou pou resevwa mesaj tèks sou meteyo ak alèt ijans an tan reyèl lè yo voye non konte oswa distri yo nan nimewo 333111.

Konsèy pou rete an sekirite lè gen posiblite pou gen inondasyon rapid:

Anvan ak Pandan Tanpèt la

- Rete Enfòme: Siveye previzyon metewolojik lokal ou a epi swiv nenpòt avètisman yo ka emèt.
- Suiv enstriksyon ofisyèl lokal yo: Si ofisyèl ijans yo konseye w pou pran aksyon imedya tankou evakyasyon, pa tann - swiv tout lòd yo san pèdi tan.
- Pa mache, naje oswa kondwi nan dlo inondasyon yo: Yon pye dlo k ap deplase kapab pote yon machin ale. Si w gen dout, sonje: "Retounen, Pa Nwaye!"
- Konnen wout ou pou evakyasyon ou ak kijan pou rive nan yon kote ki pi wo.
- Konnen kalite risk inondasyon zòn ou an — vizite Sant Sèvis Kat Inondasyon FEMA a.
- Genyen yon plan ijans kont inondasyon ki an plas ki gen ladann konsiderasyon pou pitit ou yo, bèt kay yo ak vwazen yo,
- Prepare yon sak ijans ki pare pou w pote pou ou menm, fanmi ou, ak bèt kay ou, ki gen ladan tout medikaman ou ka bezwen.
- Ale wè vwazen granmoun aje oswa moun ki ka gen pwoblèm pou deplase.
- Pa manyen fil kouran ki tonbe atè.
- Kenbe telefòn ou chaje.
- Kenbe yon ti twous pwovizyon pou katastwòf nan kòf machin ou.

Apre dlo inondasyon yo fin desann

- Tann jiskaske yo deklare yon zòn an sekirite anvan ou antre ladan li. Pran prekosyon lè w ap kondwi, paske wout yo ka domaje e fil kouran yo ka tonbe atè.
- Si kay ou oswa apatman ou inonde, PA limen aparèy elektrik yo jiskaske yon elektrisyen verifye sistèm nan ak aparèy yo.
- Jete nenpòt medikaman oswa manje ki te ka antre an kontak ak dlo inondasyon an.
- Toujou gen gaz nan machin ou. Si kouran elektrik la koupe, estasyon gazolin ka p ap ka bay gaz pandan plizyè jou.
- Pa manyen fil kouran ki tonbe atè.

Pou plis enfòmasyon sou preparasyon ak konsèy sekirite nan men Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta Nouyòk la, vizite dhses.ny.gov. Sit entènèt Sèvis Meteyo Nasyonal la gen ladan tou Konsèy pou Sekirite nan ka Inondasyon.

Ajans Eta Nouyòk yo ap pran mezi pou reponn ak gwo lapli yo prevwa a, enkli:

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services)
Biwo Jesyon Ijans (Office of Emergency Management, OEM) Divizyon an rete an kontak ak omològ lokal li yo epi prepare pou fasilite demann pou asistans yo. Sant Operasyon Ijans (Emergency Operations Center, EOC) Eta a, Sant Operasyon Ensandi (Fire Operations Center) Eta a ak Sant Siveyans Eta a aktive kounye a pou reponn a aktivite ete yo, epi y ap siveye tanpèt la ak enpak li sou tout eta a.

Ekip sekou nan dlo ki soti nan Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi (Office of Fire Prevention and Control) ap prepare pou yo rive nan Mid-Hudson pita jodi a. Rezèv eta yo pare pou deplwaye resous entèvansyon ijans ak atik jan sa nesesè.

Pou resevwa alèt metewolojik ak alèt ijans an tan reyèl, yo ankouraje Nouyòkè yo pou yo voye non konte oswa awondisman yo a nan 333111.

Depatman Transpò (Department of Transportation)
Depatman Transpò Eta a ap kontwole kondisyon metewo yo epi li pare pou entèvni avèk 3,409 sipèvizè ak operatè ki disponib nan tout eta a. Tout anplwaye sou teren yo disponib pou angaje konplètman epi entèvni.

Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:
- 1,409 gwo kamyon abèn baskil
- 317 gwo chajè
- 93 dechiktèz
- 88 ekskavatris sou ray ak sou kawotchou
- 34 ponp dlo
- 30 kamyon nasèl pou ak sikilasyon ak pou pyebwa
- 33 platfòm tou trafik

- 20 kamyon aspiratè ak jè egou

Yo pral re-evalye bezwen pou plis resous jan kondisyon yo mande pandan tout dire evènman an. Pou jwenn enfòmasyon sou vwayaj nan tan reyèl, otomobilis yo dwe rele 511 oubyen vizite 511ny.org, sous ofisyèl enfòmasyon sou sikilasyon ak vwayaj nan Eta Nouyòk.

Otorite Thruway (Thruway Authority)
Otorite Thruway a genyen 673 operatè ak sipèvizè ki prepare pou reponn a nenpòt pwoblèm ki an rapò ak van oswa inondasyon nan tout Eta a yo avèk eskavatris ki piti pou rive nan sa ki gen tay mwayen yo, kamyon chasnèj/baskil yo, gwo kamyon chajè yo, pano VMS pòtab yo, poto limyè pòtab yo, jeneratris ki pi piti yo, ponp ki pi piti ak trelè pou transpòte ekipman yo, ansanm ak aparèy siyalizasyon ak lòt aparèy kontwòl sikilasyon ki disponib pou nenpòt detou oswa fèmti yo. Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab (Variable Message Signs) ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan pandan yo sou Thruway la.

Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:
- 305 Gwo Kamyon Baskil Abèn ak Ti Kamyon
- 60 Gwo Chajè
- 30 Trelè
- 2 Kamyon Aspiratè
- 16 Ekskavatris
- 5 Dechiktèz ak bwòs
- 105 Twonsonez
- 20 Kamyon aeryen
- 25 Chajez ak Direksyon
- 86 Jeneratris pòtab
- 65 Inite Ekleraj Pòtab

Otorite Thruway ankouraje otomobilis yo telechaje aplikasyon mobil li yo ki disponib pou download gratis sou aparèy iPhone ak Android. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk ak kamera sikilasyon yo nan tan reyèl, enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou TRANSalert ki bay dènye kondisyon sikilasyon yo sou otowout Thruway, suiv @ThruwayTraffic sou X, epi vizite thruway.ny.gov pou wè yon kat anime k ap montre kondisyon sikilasyon an sou otowout Thruway ansanm avèk lòt wout Eta Nouyòk yo.

Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service)
Sèvis piblik Nouyòk yo genyen apeprè 6,300 travayè disponib nan tout eta a pou angaje nan evalyasyon domaj, efò entèvansyon, reparasyon ak restorasyon atravè Eta Nouyòk, jan sa nesesè. Konpayi sèvis piblik yo pral kolabore ak ajans transpò lokal, konte, ak eta pou jere wout ki fèmen nan nenpòt zòn k ap fè fas ak inondasyon. Pèsonèl ajans lan ap swiv travay sèvis piblik yo pandan tout evènman an epi asire sèvis piblik yo voye anplwaye apwopriye yo nan rejyon ki gen pi gwo enpak yo.

Lapolis Eta Nouyòk
Lapolis Eta a te bay enstriksyon ak Manm Patwouy yo pou yo rete vijilan epi pral deplwaye pèsonèl anplis nan zòn ki afekte yo jan sa nesesè. Tout veyikil a kat wou yo an sèvis, epi tout bati ak veyikil espesyalize yo pare pou deplwaman.

Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC)
Anplwaye Jesyon Ijans Depatman Prezèvasyon Anviwònmantal (DEC), Ofisye Lapolis Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal, Gad Forè yo ak anplwaye rejyonal yo rete an alèt epi yo ap kontinye siveye previzyon metewo yo. An kolaborasyon ak patnè ajans yo, DEC prepare pou kowòdone deplwaman tout resous ki disponib tankou premye entèvenan yo nan zòn ki sible nan preparasyon pou enpak potansyèl gwo lapli ak inondasyon ka lakòz.

DEC raple ofisye lokal yo pou yo veye potansyèl inondasyon nan kominote pa yo. Yo ankouraje minisipalite yo pou reyalize evalyasyon lokal nan zòn ki gen tandans inonde yo epi pou retire nenpòt debri ki akimile. Pèmi ak otorizasyon DEC pa obligatwa pou retire debri amwenske retire debri yo ak/oswa itilize ekipman lou ap deranje riv oswa fon kanal kouran dlo yo. Yo konseye minisipalite ak gouvènman lokal yo pou kontakte Administratè Pèmi Rejyonal DEC yo si li nesesè pou yo bay asistans oswa pou detèmine si yon pèmi nesesè.

Si yon pèmi nesesè, DEC ka bay Otorizasyon Ijans pou akselere apwobasyon pwojè yo nan plas yon pèmi endividyèl. DEC apwouve otorizasyon ijans pou sitiyasyon yo konsidere kòm ijans, baze sou pwoteksyon imedyat lavi, lasante, byennèt jeneral, pwopriyete oswa resous natirèl.

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)
Lapolis Pak Eta Nouyòk ak anplwaye pak yo rete alète epi y ap swiv deprè kondisyon metewolojik ak enpak yo. Pak Eta Bear Mountain ak James Baird fèmen kounye a akòz enpak tanpèt la. Vizitè pak yo dwe vizite parks.ny.gov, aplikasyon mobil gratis, oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvèl konsènan lè fonksyònman, lè ouvèti ak fèmti pak yo.

Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA)
Otorite Transpò Metwopoliten an ap siveye kondisyon meteyowolojik yo deprè pou asire sèvis san danje ak fyab. Anplwaye MTA yo ap pare pou entèvni kont tout pwoblèm ki lye ak kondisyon meteyo yo. Pou diminye chans pou inondasyon epi reponn a nenpòt ka inondasyon ki rive, ekip MTA yo pral enspekte drenaj nan zòn ki gen tandans inondasyon yo pou asire yo fonksyone, epi sipèvizè yo pral kontwole kote ki gen tandans inondasyon yo pou nenpòt rapò sou inondasyon pou asire gen repons rapid. Espesyalis asansè ak eskalye mekanik yo pral deplwaye nan kote ki gen tandans inondasyon yo pou ede nan nenpòt pwoblèm asansè ak eskalye mekanik ki gen rapò ak move tan.

Yo ankouraje kliyan yo pou tcheke mta.info pou dènye mizajou sou sèvis la, epi pou yo pran prekosyon pandan y ap navige nan sistèm lan. Kliyan yo tou ta dwe enskri pou sèvis alèt an tan reyèl yo atravè mesaj tèks oswa imèl. Alèt sa yo disponib tou atravè aplikasyon MTA ak aplikasyon TrainTime lan.

Otorite Pòtyè a nan Nouyòk ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey)
Otorite Pòtyè Nouyòk ak New Jersey ap siveye previzyon meteyo yo de prè epi travay ak operatè tèminal ayewopò yo ak lòt patnè ayewopò pou prepare yo. Vwayajè ayeryen yo ta dwe tcheke ak konpayi avyon yo pou dènye enfòmasyon sou vòl yo, oswa tcheke sit entènèt Administrasyon Avyasyon Federal (Federal Aviation Administration, FAA) pou tout pwogram FAA ki ka afekte operasyon vòl nan ayewopò kote y ap pati a, anvan yo ale nan ayewopò, epi pran plis tan pou vwayaj la. Yo ankouraje anpil otomobilis ki itilize sis pon ak tinèl Otorite Pòtyè a pou enskri pou alèt imèl, pasaje otobis yo ka itilize aplikasyon MyTerminal pou resevwa alèt an tan reyèl sou sèvis otobis nan Tèminal Otobis Midtown, pasaje PATH, tcheke enfòmasyon sou sèvis tren atravè aplikasyon mobil, RidePATH.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU